

# TATA PANGIBADAH MINGGU KAPING 4 PASKA - GKJ AMBARRUKMA

21 APRIL 2024

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

Pepanthan Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Pethak, Stola/Logo/Symbol : Kembang Lily)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.*

“Pasamuwan kinasih ing patunggilanipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Selikur April Kalih Ewu Kawan Likur** (21 April 2024). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedherek, tuwin Lare-lare sadaya.

Sumangga Bapak, Ibu saged ngaturaken jawat asta, utawi salam *namaste* dhumateng pasamuwan ing sakiwa, tengen, ngajeng, saha wingking palenggahan panjenengan.

Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Lampahipun Sang Pangen Mranata Pagesangan**” badhe kaladosaken dening Bapa Pandhita .....

Sumangga kita purwakani pangibadah menika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Selangkung pada Setunggal lan Kalih (KPK 25 : 1, 2), ”Ngabekti Mring Gusti”** ..... *pasamuwan kasuwun jumeneng*

(1) Swawi pra suci nyawiji tunggal Ati  
sami ngabekti memuji mring Gusti  
Ajrih sumelang sedhik lan kasangsaran  
ginantos kabegjan sihing Pangeran.

(2) Ngidung tan kendhat sru nggunggung Kang Murbengrat,  
ngetung mukjijad lan sagung sih rahmat,  
lubering berkah sing swargi tansah tumrah,  
nyantosakken manah nyirnakken semplah

(*Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar.*)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** *(Pasamuwan Jumening)*

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /  
Amin, Amin, Amin.**

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

4. **Lektor : Sabda Introitus : Yesaya 40 : 9-11**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. **Liturgos :** “Bapak, Ibu, saha para Sadherek ing patunggilanipun Gusti Yesus, Gusti Allah anggenipun rawuh kalawan kakiyatan sarta ngasta panguwaos. Lah sedaya ingkang dados pituwasing rekaosipun samu nunggil kalawan Panjenenganipun dados kagunganipun Gusti sami lumampah wonten ing Ngarsanipun. Kadosdene pangen, Panjenenganipun anggenipun ngengen pepanthane, sarta sami dipunklempakaken kalawan astanipun; sedaya pangenipun dipun tuntun kanthi ngatos-atos.

Pramila, kita sesarengan sami memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Tiga pada Setunggal lan Kalih (KPJ 103 : 1, 2), “Allah Yéku Pangèn Satuhu”**

(1) Allah yeku pangen satuhu,  
pangrehnya nentremken kalbu.  
Kula tansah rinimatan  
srana sagunging kamirahan.

Refr:  
Ing jurug ing pati tan wedi bilai, wit Gusti pribadi kang nganthi.  
Nadyan mengsah kathah, manah datan semplah,  
wit berkahnya rumentah.  
Mung kabegjan saha kadamman ngiring salaming gesang,  
sarta kula badhe manggen tansah ing daleme Sang Yehuwah.

(2) Ayem manah lan nyawa kula ing ayoming sihé Gusti,  
sarta tinuntun astanya ing kayektosan kang sejati.....Refr:

6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : 1 Petrus 2 : 25**

## 7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan kagunganipun Gusti, kita kadhawuhan wanuh saha miturut Pangandikanipun Gusti, awit kala rumiyin kita sami kesasar kados dene wedhus, ananging sakmenika sampun sami wangsul malih dumateng pangen sarta pamomonging nyawamu. Gusti sampun nimbali kita marek wangsul ing pamomongipun supados kita kita mboten nasar lan kedlarung ing dosa.

Sesarengan kita cawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Seket Gangsal pada Setunggal lan Kalih (KPJ 55 : 1, 2), “Kula Tyang Dosa”**

- (1) Kula tyang dosa klangkung ageng, rinentaha palimirma.  
Punika ngeramaken, kawula sewu tan nyana.  
Mangke tan wonten paniksa, manke tan wonten paniksa  
Ming rumentah ing sih mirma, mring rumentah ing sih mirma.
- (2) Allah ngasihi dhateng kula, dosa kula ingaksama.  
Tan wonten mulading bendunya, wit kula ingangkat putra.  
Kula punika sinten, ta, kula punika sinten, ta,  
dé rinentahan sih-mirma? dé rinentahan sih-mirma?

## 8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sadhèrèk kinasih, umatipun Gusti Yésus Kristus, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pinujia asma Paduka Gusti, Gustining sarwa tumitah. Kanthi panuwun sokur kawula marek sowan ing Ngarsa Paduka. Gusti Paduka mboten nate nilaraken kawula, titah kagungan Paduka. Kanthi andhap asoring manah, kawula ngakeni bilih kawula menika kebak ing karingkahan. Kawula tiyang ingkang asring nerak wewaler Paduka. Kepara kawula asring mbalela, nyingkur, saha nilaraken pepaken saking Paduka. Gusti, kawula nyuwun pangaksama saha sih wilasa dumateng sadaya karingkahan kawula punika. Nyuwun Paduka Gusti ingkang ngenggalaken manah kawula. Lumuntur saha linubering berkah kawula suwun linambaran sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus, Imam Agung ingkang sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

## 9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Jabur 95 : 7

**Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Jabur 79 : 13**

10. **Liturgos** : “Pasamuwan umat kagunganipun Gusti. Kita menika umat pangenipun Gusti, papanthan menda reh-rehanipun. Ing dinten menika sumangga kita sami mirengaken pangandikanipun Gusti.

Kesanggeman kita menika kita ujudaken kanthi ngluhuraken asmanipun Gusti, lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Pitulas (KPJ 117)**, “**Kala Kula Dhawah**”, *dipun repekaken kaping kalih..... Pasamuwan kula aturi jumeneng*

Kala kula dhawah lan tanpa daya,  
nyawa kula kapetek, kasiksa.  
Kula tansah nyuwun tulung mring Gusti,  
karsa rawuh, mrih amitulungi.

Refr:  
Kula tansah kaangkat maring arga,  
kula kwawi anempuh prahara;  
wah kiyat, wit sinanggi swiwinya,  
anglangkungi budidaya kula.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

## 11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) **Pandhita : Pandonga Epiklese**

b) **Ngrepenaken Kidung Tema Masa Paskah**

Kagem nyuraosi mangsa Paskah, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Paskah taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Bangkit Menata Kehidupan**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti.

Hari ketiga pergi ke kuburNya  
dan didapati kubur telah kosong.  
Hari Minggu Yesus bangkit kalahkan maut  
menjadi Jurus'lamat dunia.

Semua mengira Yesus t'lah dicuri  
namun ternyata Yesus telah bangkit.  
Kita dipanggil 'tuk bangkit bersama Dia  
bangkit untuk menata kehidupan.

c) **Pandhita : maosaken Yokanan 10 : 11-18**

d) **Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

**Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |**  
**Hale - luya Hale- luya Hale - lu - ya**

e) **Pandhita : Paladosan Khotbah**

f) **Irah-irahan: “Lampahipun Sang Pangen Mranata Pagesangan”**

g) **Ancas : Pasamuwan abdinipun Gusti pitados bilih wungunipun Sang Kristus mboten namung kuwaos mranata gesangipun para murid kemawon ananging sedaya gesangipun sedaya titah ing sak lumahing bumi matemah saged ndayani kagem mranata gesang kapitadosan, saha pangajeng-ajeng.**

## 12. Pisungsung

**Imam : “Pasamuwan ing tetunggilanipun Gusti. Berkahipun Gusti tansah linuber tan kendhat ing gesang kita. Pramila, sumangga minangka atur panuwun sokur, kita nyaosaken pisungsung ingkang sampun kacawisaken.**

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saha pisungsung panyengkuyung HUT kaping-60 GKJ Ambarrukma saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal punika, sinerat wonten ing serat **Kolose pasal Tiga ayat Gangsalwelat (Kolose 3 : 15)** ingkang mekaten suraosipun: *“Muga tentrem-rahayune Gusti Kristus ngereh ana ing sajroning atimu, marga iya kaya mangkono iku anggonmu padha katimbangan dadi badan siji. Sarta saosa sokur.”*

Kita aturaken pisungsung sesarengan wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Wolung Dasa Gangsal pada Setunggal lan Kalih (KPK 185 : 1, 2), “Pisungsung Konjuk Mring Allah”**

- (1) Konjuk mring Kang Maha agung kawula sung pisungsung  
cihnane bingahing manah wit berkahing Allah  
sumangka wah sinengkera lan temen rineksa  
dadya srana munpangati mrih kamulyaning Gusti.
  
- (2) Konjuk Allah kang Maluhur kawula saos sokur,  
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,  
dalah gesang kula mugi kagem dening Gusti,  
dadya lantaraning berkah tumraha miring tyang kathah.

### 13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng ....

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumangka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,

- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

**15. Pandhita : Paladosan Berkah**

- 16. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa Pandhita ..... lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan abdinipun Sang Kristus, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi tansah pitados bilih wungunipun Sang Kristus mboten namung kuwaos mranata gesangipun para murid kemawon ananging sedaya gesangipun sedaya titah ing sak lumahing bumi matemah saged ndayani kagem mranata gesang kapitadosan, saha pangajeng-ajeng.

Sumangga kita sami pepujen kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Kawan Atus Tigang Dasa Setunggal pada Setunggal lan Kalih (KPJ 431 : 1, 2), “Gusti Adhawuh”**

(1) Gusti adhawuh yèn kita sami  
kinèn kadya lilin kang amadhangi,  
supaya saben wong padhang ing ati,  
wah angluhuraké Hyang Masuci.

(2) Saka suwarga Gusti mirsani  
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.  
Gusti ya mirsa, apa kita iki  
urip kadya lilin kang madhangi.

- 17. Liturgos :** “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, mugi katentreman lan karaharjan tansah nunggil ing kita sami.”